



## Pou voyaje nan yon lòt peyi ak timoun – Salida de menores al extranjero

Enfòmasyon sou ki pwosesis pou swiv nan ka youn oubyen plizyè timoun dwe vwayaje pou kite Chili.

- **Kiyès ki ka bay otorizasyon pou yon timoun ki pa ko gen 18 an vwayaje poukont li?**  
Tou 2 paran yo, ak yon deklarasyon ki ekri e otorize devan notè.
- **Ki dokiman ou bezwen pou w fè demach la pou w jwenn otorizasyon sa a?**
  - Kat idantite moun nan oubyen moun yo k ap bay otorizasyon pou timoun nan sòti a.
  - Sètifika nesans (akt de nesans) timoun nan oubyen livrè familial ki montre ke yo se paran li.
  - Kat idantite timoun nan.
  - Deklarasyon otorizasyon sou papye devan notè.
- **Si timoun nan a ap vwayaje ak 2 paran li yo eske li bezwen otorizasyon?**  
Non, y ap sèlman prezante livrè familial la oubyen sètifika nesans kote ki gen non yo ladan li bay Policia Internacional (PDI).
- **Kiyès k ap bay otorizasyon pou timoun nan soti si l ap vwayaje ak youn nan paran li yo?**  
Paran ki p ap vwayaje a dwe siyen yon otorizasyon ki ekri devan notè. Pou soti Chili pou ale nan yon peyi etranje nan nenpòt ka a li nesèsè pou prezante kat idantite timoun nan ou adolesan an oubyen paspò pou peyi ki mande l yo.
- **Kisa ki kapab pase si youn nan paran yo mouri deja?**  
Anplis de livrè familial ou sètifika nesans timoun nan, ou dwe bay sètifika desè paran ki mouri a.
- **Si y ap cheche youn nan paran yo pou bay otorizasyon an yo pa ka jwenn li, kisa ki ka fèt?**  
Nan ka sa a, ou kapab mande otorizasyon an nan tribinal familial yo.
- **Si youn nan paran yo pa otorize pou timoun nan soti san rezon valab kisa lòt paran an kapab fè?**  
Li kapab mande otorizasyon nan men jij familial ki koresponn ak kote timoun nan rete a.
- **Kiyès ki ka bay otorizasyon si yo te konfyè timoun nan ak youn nan paran yo oubyen yon lòt moun ki pou pran swen li?**  
Moun ki genyen timoun nan sou reponsabilite li a, sof si li genyen relasyon dirèk ou regilye (Dwa pou vizite) an favè papa oubyen manman, moun sa a dwe bay otorizasyon tou.
- **Nan ka timoun yo adopte, kiyès ki dwe bay otorizasyon an?**  
Paran ki adopte li yo.

Enfòmasyon ki nan dokiman sa a se yon materyèl referans pou fè w konprann lwa yo. Men, se pa lalwa, ni se pa yon agiman jiridik legal ke youn avoka kapab itilize.